*Ассаламу гIалайкум, кьвербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 15 (7333) РУЗМАН 21 апрель 2023 сон

12+

## КIалбиччаялъул байрам баркана

***ХIурматиял ракьцоял! Хириял чIарадисел!***

РакI-ракIалъго баркула нужеда гьайбатаб кIалбиччаялъул байрам. Щибаб къоялъ рухIиял центраздагун мажгитазда ва ифтараздагун таравихIазда какал ралаго ва гIибадат гьабулаго гьаб хирияб Рамазан моцIалда нижеца ТIадегIанав Аллагьасда гьарана исламалъул рацIцIалъи цIунизе нижее къуватги ресги кьейгилан.




Щивав чияс жигар бахъана жиндирго буголъиялдаса цо бутIа кьезе захIматаб гIумруялъул ахIвал-хIалалде ккарал нилъерго диналъул вац-яцазе кумекалъе.

Хасаб баркала буго нахъбуссин гьечIого, ракI-ракIалъго ва бацIцIадаб нигатгун Украинаялда СВОялда гIахьаллъулел ругел ракьцоязе гьабураб ва гьабулеб бугеб кумекалъухъ. Нужер кумек цIакъго хIажат буго гьезие. Гьел щибаб къоялъ гIумру кьезе хIадурал руго нилъер эркенлъиялъе ва чияда бай гьечIолъи букIинабиялъе гIоло.

Аллагьас къабул гьареги киналго бусурбабазул гьарурал садакъабиги лъикIал гIамалалги.

КIалбиччаялъул байрамалъ босун бачIун батайги щибаб рокъобе хинлъи, разилъи ва битIккей. Гьарула киназего сахлъи, рохел, талихI ва рекъел.

## Кинабго рахъалъ цебесеб кьерда

**Ниж тIоцересел!**

Ургъун рихье:

- Юрий Гагарин: инсанасул тарихалда тIоцевесев космонавт;
- Алексей Леонов: рагьараб космосалде вахъарав тIоцевесев инсан;
- Валентина Терешкова: космосалде цохIо жийго арай тIоцеесей чIужугIадан-космонавт;
- Валерий Поляков: космосалда халат бахъараб заманалда вукIиналъухъ дунялалъулго рекорд чIезабурав космонавт.

Гьел киналго ккола нилъер ватIанцоял ва гьелъ цойги нухалда абулеб буго, нижер хасияталъулъ бугин тIоцереселлъун рукIин ва бищунго захIматал масъалаби тIуразари.



**Баркула космонавтазда гьезул къо! Нилъ чIухIарал руго гьединал унго-унгоял бахIарзаздаса.**

## Аппараталъулаб совещание



Дагъаб цебе районалъул нухмалъулесул кабинеталда тIобитIараб аппараталъул совещаниялда гIахьаллъи гьабуна администрациялъул гIуцIиялда гьоркь ругел учреждениязул ва организациязул нухмалъулез.

Гьелъул байбихьуда гIенеккана щивав нухмалъулес гьурурал ва гьаризе цере чIарал хIалтIабазул планазухъ, хас гьабун лъай кьеялъул, росдал магIишаталъул, спорталъул ва культураялъул. Киналго бутIабазда цере лъуна чIванкъотIарал масъалаби.

Хадуб данделъараз гьоркьор лъун хал гьариялде росана районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъул суалал. МухIканго дандрана гьенир миллиял проектал хIалтIизариялъул суалалги.

Борхана гьединго ЕГРНалде кьолел баянал мухIканал ва тIурарал рукIине ккеялъул суалги. Районалъул захIматчагIазда бичIчIизе кколеблъун буго Цогояб пачалихъияб реестралда хьвайхьвагIай гьаричIел рукъзал, мисалалъе, гьеб рукъ яльуни ракьул участкаби ричизе, хисизе, ирсалъе кьезе ва сайгъат гьаризе киналгIаги ихтиярал гьечIо бетIергьанчиясул рукIине кколел документал кодор гьечIони. Гьединго цебе чIараб масъалалъун буго ралел бакIазул, ракьул участкабазул ва рукъ хасаб чиясул буголъиялда кьурал хьвайхьвагIаял рукIалиде ккезари, гьелдаго цадахъ ракьул участкабазул инвентаризацияги гьабун лъугIизаби.



## Гъутабазде хIалтIулаб сапаргун



Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас жиндирго заместитель МухIамад ГIумаровгун ва администрациялъул росдал магIишаталъулгун экономикияб отделалъул хIалтIухъабигун цадахъ сапар гьабуна Кочубеялъул ракьалда ругел гочинабун гIи-боцIи хьихьулел авлахъазде.

Сапаралъул аслияб масъала букIана хасалил мучIдузда гIи-боцIиялъ кьин кин тIамураб ва гIи къинлъиялъул кампания иналъул хал гьаби. Гьеб мурадалъе гIоло М. МухIамадовас тIобитIана районалъул магIишатазул нухмалъулел гIахьаллъараб совещание.

Гьеб рагьулаго гьаризе ругел тадбиразулги бицун районалъул бетIерас рагIи кьуна росдал магIишаталъулгун экономикияб отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевасе. Гьес баян гьабуна районалъул АПКяз 2022 соналда гьарурал хIалтIабазул хIасилазул ва 2023 соналда цере чIарал масъалабазул.

Къадиевас бицухъе 2022 соналда гIи-боцIи гIезабиялъул рахъалъ лъикIал хIасилал ккун руго. Кинабго гIи-боцIудаса бахъулеб продукция ва гIиял къадар цIуни 2021 соналде данде ккун цIикIкIун буго.

«Бокьун буго тIадчIей гьабизе 2023 соналда цогояб росдал магIишаталъул налог бакIариялъе бихьизабураб план тIубазабизе ккеялда. Гьебин абуни кколеб буго 1 млн гьурущ. Цоги рахъалъ захIмалъаби дандчIвалел руго заманалъулал хIалтIухъаби кколаго. ХIажат буго гьездехун къотIи-къай хьвазе ва баянал налогазулаб инспекциялдегун пенсионнияб фондалде кьезе. Гьелдаго цадахъ къваригIун буго хехаб къагIидаялда хIадур гьаризе документал эбелал бутIрузе субсидия щве-

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

## Районцоясе Жуковасул медаль




Награжден(а)
медалью Жукова
Магомедов
Абдулкадыр
Махмудович
Награда № 40219
Указ Президента Российской Федерации
от 11 февраля 2023 года

РФялъул Президентас 2023 соналъул 11 февралалда бахъараб Указалдалъун Украинаялда тIобитIулеб хасаб рагьулаб операциялда гIахьаллъулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва бихьинчилъиялъухъ **МухIамадов ГIабдулкъадир МахIмудовичасе** кьуна Жуковасул медаль.

ГIабдулкъадир МухIамадов гьавуна 1999 соналда ЧIарада районалъул Хьинуб росулъ. 2020 соналъул хасалилаб призывалда рекъон хъулухъ гьабизе ана РФялъул рагьулал къуватазда, Ростовалъул областалда стрелок-курсантлъун. Гьединго лъазабуна БТР-80-ялъул водителасул хIалтIиги.

Ростовскияб областалда хIадурлъиялъул курсал лъугIун хадув 2021 соналъул маялда гьев хъулухъ гьабизе витIана Московскияб областалде.

2021 соналъул ноябралда командирасул хъулухъалде хьвана 1 соналъул контракт. Украинаялда лъугьараб ахIвал-хIалалда бан контракт 2 сональ халат бахъинабуна. 2022 соналъул апрелалда ГIабдулкъадир жиндирго ротагун цадахъ лъугьана Белгородалъулаб областалде, гьениб 4 къоги бан хадур ана СВОялъул ракьалде тIадкъарал рагьулал масъалаби тIуразаризе. 11 апрелалдаса 6 августалде щвезегIан рукIана Харьковалъулаб областалда, гьенир цере лъурал масъалаби гьез ракIбацIцIадго тIуразаруна. Хадусеб сапар букIана 2023 соналъул 22 декабралдаса февралалде щвезегIан Луганскияб республикаялде рагьулал масъалаби тIуразаризе.

«Нижее кIвар гьечIо данде ругезул, кIвар буго аскIор ругезул! Кидаго кIоченаро рагьда гIахьаллъулаго бахIарчилъиялда жидерго гIумру кьурал гьалмагъзаби. Нижер киназулго буго цо мурад. РитIухъльи нижехъ буго – тушман щущахъ виххизавизе вуго, бергьенлъи нижеда хадуб букIине буго! Рагьухъанлъун вукIин, гьеб ккола абадиялъго чIаго вукIин. Къеркьей вацал!» – ян бикьана ГIабдулкъадирица рекIелъ бугеб нижее.

ЧIарада район ва гьениб гIумру гьабулеб халкъ чIухIараб буго нилъерго ракьцоязул бахIарчиял ишаздаса. Гьез кир кканиги жалго рихьизарулел руго гIицIго лъикIаб рахъалдаса. Аллагьас цIунайги ВатIаналъе гIоло рагьулел ругел нилъер киналго солдатал. Мурад буго гьел бергьенлъигун сах-саламатго жидерго хъизаназухъе рокъоре тIадруссин.

# Цадахъ росулъе сапар

Дагъал цере къоязда ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас жидерго заместитель МухIамад ГIумаровгун цадахъ сапар гьабуна Бабаюрталъул ракьалда бугеб нилъер районалъул Цадахъ росулъе.

Гьелда бан росдал клубалда гIуцIун букIана захIматчагIазе хIажатал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи.

Киналго гIодор чIаразе саламги кьун МухIидин МухIамадовас кIалъазе рагIи кьуна Цадахъ росдал администрациялъул бетIер Нажмудин МухIамадовасе. Гьес гIодор чIаразе баян гьабуна 2022 соналда Цадахъ муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъ гьарурал хIалтIабазул хIасилазул. Гьесул рагIабазда рекъон захIматчагIазул гIумру лъикI гьабиялъе гIоло росулъ гьарун руго гIезегIанго хIалтIаби.



«Росдал гьоркьосеб бутIаялда гьелъие биччараб 750 азарго гьурущги хIалтIизабун къачIана лъадал нух. ХутIун буго хисичIого жеги 580 метр халалъиялъул кIиго гIаркьел. Гьенир хIалтIаби гьаризе байбихьун гьечIо биччараб гIарац гIечIого. Гьарун лъугIана къватIал ритIизариялъул ва хобал гIатIид гьариялъул хIалтIаби, хIадурун буго цIа ккеялдаса цIуниялъе хIажатаб лъим цIунулеб, лъимал чвердезеги санагIатаб хIор.

Гьел киналго хIалтIаби гьаруна ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад Мухтаровичас биччараб гIарцул кумекалдалъун. Гьелдаго цадахъ араб соналда байбихьана нухазда гравий баялъул хIалтIабиги. Кинабниги баччана 34800 гьурщиде 16 Камаз. Росулъ жанир нухазда лъугьарал гвендал цIезаруна, хисана киналго къватIахъ чиракъал, тIадеги 26 хIобода тIамуна канлъи кьолел алатал, киналго рукъзабазда цере – къватIахъ жанире рачана гьутIби-хьархъал чIеялъе бакIал. Гьелъие гIоло росана хIубал ва сетка.

Рищни-къул баччулеб буго гьеб баялъе хIадурараб бакIалде. Буго гьединго тIубазабун суал жамагIаталъул боцIи хьихьиялъулги, гьелъие цо хасав рохьдохъанги тун.

2022 соналда медицинаялъул хал гьабиялде ахIун рукIараздаса армиялде ана 10 гIолохъанчи. ГьабсагIаталда Украинаялъул ракьалда хъулухъ гьабулев вуго 8 гIолилав.

Аслияб кьагIидаялда росулъ гIодобе биччараб ахIвал-хIал буго, биччан гьечIо цониги гIадлу-низам хвезабиялъул хIужжа.

Гьединго хал гьабулеб заманалда баянлъана росдал нухмалъулесда ва росуцоязда цере чIун рукIин – гочинабун боцIи хьихьиялъул, росулъ садик гьечIолъиялъул ва росдал статус чIезабиялъул масъалаби.

Гьабураб хIалтIухъ баркалаги кьун районалъул нухмалъулез ва собраниялъул гIахьалчагIаз росдал бетIерасул хIалтIи рикIкIана гьоркьохъеблъун.

Республикаялъул цо-цо хъулухъчагIаз тIуразаризе кколел суалал хутIахъе, цогидаб кинабго лъикIго бугин абуна районалъул бетIерас. Цинги гьес бaлъазабуна жидерго рахьалъ бажараб кумек гьабизе букIинги. «Социалиябгун экономикияб цебетIейги рукIа-рахьиналъе шартIалги лъикIал ругин районалде данде ккун», – ян тIадеги жубана дандчIваялъул хIасилги гьабун МухIидин МухIамадовас.



# АТКялъ хал гьаби тIобитIана

Дагъаб цебе райадминистрациялъул терроризмалде ва экстремизмалде данде кьеркьолеб отделалъул нухмалъулев Асад МухIамадовас Россиялъул



ОМВД УУПалъул хъулухъалъул вакиласгун цадахъ хал гьабуна Магъар росдал советалда районалъул АТКялъул хIукмабигун рихьизариял тIуразариялъул ва терроризмалде данде кьеркьеялъул рахъалъ гьарулел ругел профилактикиял хIалтIабазул.

Хал гьабулаго баянлъана гьеб рахъалъ Магъар поселениялъул ракьалда ахIвал-хIал гIодобе биччараблъун ва хадуб хал кколеблъун букIин.

ХIисаб кьеялъулаб заманалда терроризмалда хурхараб цониги хIужжаялъул хъвай-хъвагIай гьабун гьечIоан.

Ихтиярал цIунулел хъулухъазул баяназда рекъон, халкъазда гьоркьосел терроризмалъул (МТО) гIуцIиязда жанив гьеб поселениялдаса цониги чи гьечIо.

ХIалтIи гIуцIун буго законалъул тIалабалги тIуразарун, бихьизабураб планалда рекъон «Чародинский район» МО АТКялъул ва ДРялъул АТКялъул рихьизариялги кьучIое росун.

Терроризмалде данде гьабулеб тадбир Магъар поселениялда тIобитIана 2022 соналъул хIалтIул планалда ва лъугьараб ахIвал-хIалалда рекъон. Гьединго 2023 соналда «Чародинский район» МО АТКялъул хIукмаби ва рихьизариял гьезухъе щвезариялъул мурадалда.

Бугеб ахIвал-хIалалъул хал гьабулаго баянлъана росабазул захIматчагIазда ва хасго гIолохъанлъиялда гьоркьор тIоритIулел рукIин терроризмалде данде чIарал тадбирал. Гьарулел рукIин гIолохъанлъиялдехун патриотикиял темабаздаса ва диниябгун бичIчIи кьеялъул суалазда хурхарал хIалтIабиги.

Гьединго хал гьабиялъул хIасилалги кьучIое росун кьуна практикиял тIадкъаялги, гьездаго гьоркьор:

- 2023 соналъул 1 маялде рукIалиде ккезабизе терроризмалъул идеологиялъул профилактикаялъул Комплексияб программа гIумруялде бахьинаби;
- «Чародинский район» МОялъул АТКялъул данделъиялъул протоколалъул хIукму тIубазабиялъул баян кьезе бихьизабураб заманалда (щибаб кварталалда);
- рехсарал малъа-хъваял тIуразариялъул баян «Чародинский район» МОялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул аппараталде гIужда щвезабизе, ай 2023 соналъул 5 маялде.

# Районалъул ифтар тIобитIана

МахIачхъала шагьаралда ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб рухIияб централда тIобитIана Рамазан моцIалъул хIурматалда ЧIарада районалъул гIатIидаб ифтар.



ЦIар рагIарал гIалимзабиги ва цогидал бакIалъа гIемерал бусурбабиги гIахьаллъараб гьеб ифтаралъул программа букIана гIатIидаб ва киналго рахьал гьорлъ босараб. Гьенир рукIана викторинаби, нашидал ахIи, вагIзаби. ГIахьаллъаразе кьолел рукIана къиматал сайгъатал. Цойги киналго балагьун чIараб лъугьа-бахьин букIана гьитIинаб хIажалде (гIумра) путевкаби бергьин.

Рехсараб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, ЧIарада районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизовас, кIицIул Олимпиадаялъул чемпион ГIабдулрашид СагIдулаевас ва гIемерал цогидалги республикаялда ва гьеб бахьун къватIирехунги жидер цIарал машгьурлъарал ЧIарада районалъул гIадамаз.

ТIадегIанаб ва гIуцIараб къагIидаялда гIемерал гIадамазул гIахьаллъигун ва дугIабигун араб ифтаралъ рухIияб рахъалъ цолъизаруна гьенир гIахьаллъарал киналго бусурбаби.

ТIадегIанас къабул гьареги щивас гьарурал лъикIал гIамалал. Киназулго гьариялги дунялалдаго лъикIаб ахIвал-хIал лъугьинабиялъе сабаблъунги ккезареги.



# Культураялъул пайда бугеб акция

Хирияб Рамазан моцI тIаде щварабго цогидал шагьараздагун районазда гIадин ЧIарада районалдаги тIобитIана культуриябгун пайда бугеб акция «Шатер Рамадана».

Районалъул центр ЦIуриб росулъ бугеб гьоркьохъеб мажгиталда щибаб учреждениялъул хIалтIухъабаз иргадал ун хIадур гьабуна тIагIамаб квен захIматчагIазе кIалбичазелъун. Гьединго росулъе жанире лъугьунел бакIазда доре-гьанирехун машинабазда унезе кьуна лъълел шушби ва чамасдак.

«Шатер Рамадана» – гьеб буго «Инсан» фондалъ щибаб соналда тIобитIулеб цIакъ пайда бугеб акция. Гьеб тIобитIула тIубараб Рамазан моцIалъ. Гьеб акциялъулъ бажараараб гIахьаллъи гьабула ЧIарада районалъул меценатаз ва учреждениязулгун организациязул коллективазги гьенибе кьола цо хасаб къадар гIарцул.

ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабеги гьабураб лъикIаб гIамал ва аза-азаридеги бахьинабун цIикIкIинабеги хирияб Рамазан моцIалда хвезабураб боцIималалъухъ, гьениб кинабгIаги захIматалъулаб бутIа лъуразе щолеб кириги.

# Депутатасул сахаватаб кумек



Хирияб Рамазан моцIалъул хIурматалда нилъер районалдаса ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад СагIдулаевас кванил нигIматазул цIурал пакетазул камазал ритIун рачIана ЧIарада районалде.

ГIемерал сонал руго депутатас гьединаб лъикIаб акция тIобитIулаго. Районалъул росабазул щибаб цIаракиялъе хирияб Рамазан моцI тIаде щварабго кьолел руго лъикIал продуктабазул пакетал.

Районалда гIумру гьабулез ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго кидагосев меценатасе. Гьезда лъалеб буго МухIамад Мухтаровичас кидаго кумекалъулаб квер бегьизе букIин хIажатазе. ЦохIо районцоязе гуребги, цогидал бакIаздаса гIадамазеги кумек щола М. СагIдулаевасдаса.

ТIадегIанав Аллагьас къабул гьареги гьаб хирияб моцIалда гьарурал лъикIал гIамалал.

# Муфтиясда баркана

Республикаялъул бетIер Сергей Меликовас хас гьабун жиндирго рахьалдаса баркана ДРялъул муфти шайих АхIмад-афанди ГIабдулаевасда кIвар цIикIкIарал бусурбабазул байрамалдаса цояб – КIалбиччаялъул къо.

Кидаго разиго букIуна гьадинав гIакъилав, Дагъистаналъухъ ва гьаниб гIумру гьабулезухъ унго-унгоги ракIбухIи бугев чигун дандчIвалаго. Гьаб республикаялъе бигьаяб гуреб заманалда гьес гьабулеб буго бусурбабазда гьоркьоб цIакъ кIудияб хIалтIи. Лъала гьабсагIаталдаги мажгитазда гьарулел вагIзабазулъги гьес гIемераб бицунеблъи ВатIан бокьизе ва гьеб цIунизе ккеялъул.



Баркала кьуна АхIмад-афандиясе гьес Россиялъул Президентасул ва хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел дагъистаналдаса рагъухъабазул рахь кколеб букIиналъухъ.

Цебесеб кьерда ругел гIолохъанал солдатазда лъалеб ва бичIчIулеб буго гьанир ругел нижеца гьарулел дугIаби-гьариял жидеда цадахъ рукIин!

# Регионалияб этапалъул лауреат

ЧIарада районалъул ЦIуриб гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъан Сафият Дибирова яхьана «Живая классика» абураб гIолохъанал кучIдул рикIкIунезул ТIолгороссиялъул конкурсалъул регионалияб этапалъул лауреатлъун.

Гьеб тIобитIана 25 марталда МахIачхъала шагьаралда бугеб Республикаялъул гIемерпрофилазулаб гьунар бугел лъималазул лицей – интернаталда.

БатIи-батIияб районаздаса ва шагьараздаса конкурсалда гIахьаллъулев щивас 4 минуталда жаниб бихьизабизе кколаан текст лъай, лъикIаб дикция гуребги щивас яхI бахъулеб букIана авторасул рекIеда бугеб гIенеккаразухъе бичIчIуледухъ щвезабизе.

Конкурсалъул хIасилал гьарулаго жюриялъул щивав членасул ихтияр букIана жиндие рекIее гIурав цо гIахьалчи тIаса вищизе.



Конкурсалъул гIахьалчагIазда гьоркьоса Сафият тIаса йищана Борис Щукинил цIаралда бугеб Театралияб институталъул актеразул ва режиссеразул гьунаразул кафедраялъул мугIалим Игорь Заводскояс ва гьей лауреатлъун яхьана.

# Районалъул имам ифтаралда

ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ тIоритIарал ифтаразда гIахьаллъи гьабуна районалъул имамзабазул советалъул председатель ШагIбан-хIажи ХIапизовас. Гьес баркала загьир гьабуна гьаб хирияб Рамазан моцIалъ ифтарал тIоритIулеб «Инсан» фондалъул нухмалъулев МухIамадшарипие ва фондалъе кумек гьабулелщиназе.

«Нилъеда кIочене бегьуларо аскIор рес къотIаралги рукIин. Лъазе ккола, жакъа нилъехъа гIадин гьадин данде ракIаризе кIоларелги гIезегIан рукIин. Гьединлъидал нилъеда тIоцебесеб иргаялда рецц гьабизе ккола тIадегIанав БетIергьанасе. Гьелдаго цадахъ гьабизе тIалъула къварилъиялда, захIмалъиялда, рагъул авлахъазда ругезе дугIаги», – ян абуна районалъул имамас.

ШагIбан-хIажица баркала кьуна кIицIул олимпиадаялъул чемпион – нилъер ракьцояв ГIабдулрашид СагIдулаевасе, ЦIуриб ифтар тIобитIиялъул мурадалда 120 азарго гъурущ гIарац кьуралъухъ. Гьарана гьесие щулияб сахлъи, хьизамалъулъ битIккей, нахъехунги гьесул буголъиялда баракат лъейгиян.

# Наркотиказде данде

Россиялъул ОМВДялъул ЧIарада районалда бугеб отделалъ районалда гIумру гьабулезда лъазабулеб буго 2023 соналъул 3-абилелдаса 12 апрелалде щвезегIан тIобитIулеб букIана ТIолгороссиялъул наркотиказде данде «Дети России» операциялъул тIоцебесеб этап.

Операциялъул мурад буго гIун бачIунеб гIелалда гьоркьоб наркомания тIибитIунгутIи, гIолилал гьединал такъсирял ишал гьарулезда хурхен гьабизе риччангутIи, гьединго лъималазда бичIчIизаби гьукъарал заралиял жал хIалтIизариялъул хIасилалда кколел захIматал унтабазул, законалде данде кколареб къагIидаялда гьел тIиритIизариялъ тамихIалдеги цIалеблъи.

БакIазда наркотикал хIалтIизариялъул, наркопритоназул, гьел гIуцIулезул, тIиритIизарулезул хIакъалъулъ, гьединал чагIи районалъул ракьалда ратани нужеца лъазабизе бегьула сордо-къоялъул бокьараб заманалда телефоназул гьал номеразда: **99-69-39, 8 (962)774-00-22.**




САХЛЪИ ЦIУНИЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Баркала буго ПатIиматие

Дие рехсей гьабизе бокьун буго хирургиялъулаб отделениялда гIемер соназда хIалтIарай Хизриева ПатIиматил хIакъалъулъ. Щайилан абуни дида ПатIимат лъала гьей гьитIинай гIадан йикIаралдасаго нахъе. Гьелъул эмен МухIамаднур киносеталъул шоферлъун, дун Культурияб рукъалъул директорлъун, къаси киномеханиклъун хIалтIулев вукIаралдаса нахъего. Эбел Аминатги лъалаан алжаналъул гIамал-хасияталъул гIадан йикIиналъ, Аллагьас алжан кьун арал ратайги гьел. Районалъул газеталда гIезегIан рачIуна районалъул больницаялъул ва гьенир хIалтIулел бетIерав врач КъурбанидасА байбихьун, хIалтIул кIудияб стаж бугел врачазул, сестрабазул хъварал макъалаби. Гьезда гьоркьой цIар рехсезе мустахIикъай йиго ПатIиматги. Гьей гьаюна ЦIуриб росулъ 1962 соналда. ЦIуриб гьоркьохъеб школаги лъугIун 1979 соналда цIализе лъугьана Буйнакскиялда бугеб медициналъулаб училищаялде, 1981 соналда гьебги лъикIал къиматаздалъун лъугIизабун гьебго соналда хIалтIизе лъугьана районалъул больницаялда сестралъун.



ПатIиматие рес щвана Дагъистаналдаго цIар бигьарал тохтурзабазда цадахъ хIалтIизе. Гьел ккола Шарип МухIамадов, Ильяс Ярбилов, ГIимран ХIусенов, ХIапсат ТIалхIатова, Аминат Разакъова ва цогидалги. ХIалтIудехун цIикIкIараб рокьиги бугел, хIалтIул махщелги гьунарги бугел врачазул баракат щвечIого хутIуларо. Гьелъги батила ПатIиматги гьезда гьоркьое ккарай. ПатIиматил унтараздехун бугеб адаб-хIурмат, ракIбухIараб бербалагьи, недегьай, хIеренай йикIин гIемераз бицун гуреб, унтун бусада ккаразда бихьулебги лъалебги буго. Бисмиллагь бахьичIого уколги гьабуларо, гьабураб уколги гьабунищали гьабичIебищалиги лъаларо, квер тIадагьай абун цIар къурай гIадан йиго. Дараби кьун, уколал гьарун нахъе унагоги Аллагьасде гьари бала унтаразе дараби рекъон ккагиян.

Унтарал сах гьариялъуль кIудияб бакI ккола тохтурзабаз унтараздехун гьабулеб бербалагьиялъ, гьезул гьуинаб каламалъ, унтаразухъе раккизе щвеялъ, гара-чIвариялъ.

«Унго-унгояв тохтурас унтараздехун гара-чIвари гьабун хадуб унтарасе бигьалъи кколеб гьечIони, – гьев чи тохтур гуро», – ян абуна машгьурав психолог В. М. Бехтеровас. Гьал магIнаял рагIаби чIван руго больницаялъул коридоралда. Гьел рагIаби хIисабалде росун руго ПатIиматицаги. Гьей кидаго хIеренаб каламалдалъун кIалъала унтараздехун. ПатIиматил бетIергьанчи АхIмадханги районалъул гIадамазе гIоло вахъун чIарав чи вуго. Рии кьин абичIого, кида хIажалъаниги бокьараб росулъе хадув вачIун, жиндирго машинаялда гIадамал щвезаруна МахIачхъалаялде, Буйнакскиялде, Дербенталде, Каспийскаялде, Хасавюрталде. Бищунго рохараб жо буго АхIмадханица ва ПатIиматица гIезаруна анлъго лъимер, гьелдасаги кIудияб талихI щибха букIинеб. Анлъго лъимералъул ургъелги гьабун, гьаб захIматаб медсестраялъул хIалтIиги гьабизе щияй чIужугIаданалда бажарулеб жо гуро.

Я рабби БетIергьанас гьел лъимал гIумруялде рахьинаризе кIиязего сахлъи кьейги, лъималаздаса рохун тайги, талихI кьейги.

ПатIиматие цойги рохел буго, аскIойго терапиялъул отделениялда цадахъ хIалтIулей, квералги тIадагьай, гIамалги берцинай цого хасияталъул яц Сайгибат йикIиналдасаги.

Районалъул газетаги гьоркьоб ккун ПатIиматие ва яц Сайгибатиеги гьаризе бокьила тIоцебе щулияб сахлъи, гIумруялъулъ талихI, хьизан лъималаздаса рохун хутIи, ракълилаб, роцIараб, хъахIилаб зобалазда гьоркь гIумру-магIишаталда тайги Аллагьас абун. Рес щварабго ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго райбольницаялда хIалтIулел ругел цIарал ккун абичIониги, медсестрабазе, врачазе, санитаркабазе, тIагIамаб квен кьолел богоразе, тIубараб больницаялъулго хIалтIухъабазеги.

*ГIалиасхIаб ГIАЛИАСХIАБОВ,*
*захIматалъул ветеран,*
*ГIириб росу*

# Управление Россельхознадзора по РД в марте на СВХ «Виадук» обнаружило более 121 т зараженной растениеводческой продукции

Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан в марте 2023 года проконтролировано ввоз более 53686 тонн свежих овощей и фруктов.

В зону ответственности управления по месту доставки на СВХ «Виадук» поступило из Азербайджана, Ирана и Турции более – 30887,3 т овощей (томаты, огурцы, салат, зелень, капуста и т.д.) и 22799,6 т фруктов (яблоки, груши, киви, мандарины, апельсины, арбузы и т. д.).

Так, госинспекторами Управления Россельхознадзора в 8 товарных партиях растениеводческой продукции обнаружены карантинные вредные объекты прибывшие из Исламской Республики Иран.

В числе обнаруженных оказались 2 товарные партии томаты свежие в количестве – 37,71 тонн, 3 товарные партии салата айсберг и латука – 34,76 тонн и 3 товарные партии перец свежий – 49,12 тонн из Ирана. Общий объем зараженной продукции составил более 121,59 тонн.

Заключение Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР» подтвердило факт выявления карантинных вредных объектов – южноамериканской томатной моли, западного (калифорнийского) цветочного трипса, вирус коричневой морщинистости плодов томата (Tomato brown rugose fruit virus), вирус пятнистое увядание бронзовости томатов (Tomato spotted wilt virus).

В целях защиты территории Российской Федерации от заноса особо опасных карантинных объектов, владельцы грузов привлечены к административной ответственности за нарушение ФЗ № 206 «О карантине растений».

*Начальник отдела Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан, заслуженный работник сельского хозяйства РД*
*Марина МУРСАЛОВА*

# ГъутIабазде хIалтIулаб сапаргун

*(Байбихьи 1-аб. гъумералда)*
ялъе, щайгурелъул росдал магIишаталъул министерствоялъ гьелъие бихьизабураб заман къокъ гьабун буго 9 апрелалде», – ян лъазабуна отделалъул нухмалъулес.

Районалъул магIишатазда кьин тIамиялъул, щвезе кколеб кьегIер-тIинчIалъул, квас къунцIиялде, риидалил мучIдузде гIи гочинабиялъе гьабулеб хIадурлъиялъул бугеб ахIвал-хIалалъул баян кьуна росдал магIишаталъул ва экономикияб отделалъул начальникасул заместитель Пайзудин МухIамадовас.

«2022-2023 сонал гIибоцIуца хасел тIамиялъе захIматал ккана, гIи-боцIухъабазда гIемерал квалквалал дандчIвана. БукIинчIо гIураб къадаралда авлахъазда хер, ккана кутакал цIороял, рарал гIаздаца магIишатазул нухмалъулел тIамана цолъизе ва цадахъ рекъон захIматаб хIалалдаса рорчIиялъе нухал ратизе. Гьединаб хIалтIул хIасил нилъеда цебе буго. Гьабин абизе тIаса инги ккезе течIого, цо-цо магIишатазда кьегIер-тIинчI бахъиги лъикIго ккун, районалдаго гьеб цIунизе кIвана 87-90 проценталъ», – ян абуна заместителас.

Гьес гьединго бицана квас къунцIиялъул рахьалъ цебечIун бугеб кIвар цIикIкIараб масъалаялъул. Гьелдаго хадуб пикру буссинабизе ккараблъун буго риидалил мучIдузде гIи гочинабиялъул суалги. Цо-цо магIишатазул къайиязда хIажат буго гьезул сверухълъи рищникъулаласа бацIцIад гьабизе ва сараязегун гIухьби жанир чIолел бакIазеги ремонталъулал хIалтIаби гьаризе.

Районалъул магIишатазда санитариябгун эпидемиологияльулаб ахIвал-хIалалъул, ветеринараз тIоритIизе ккolел тадбиразул планазул ва гьел тIуразариялъе гьарулел ругел хIалтIабазул суалалгун кIалъазе вахъана ветеринарияб управлениялъул начальник Ибрагьим Атабегов.

«Районалъул магIишатазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда хIажат



буго ФГИС «Меркурий» гIуцIиялда рекъон хIалтIизе. Гьединго баян гьабизе бокьун буго САТ-2 абураб ящуралъул цо тайпа Казахсталъул, Гуржиязул ва Армениялъул ракьаздаса бачIине бегьулеблъиялъул. АхIулел руго киналго магIишатазул нухмалъулел карантиналъул тIалабал тIуразаризе, хасго бруцеллезалъул ва лейкозалъул унтабазе карантин лъурал магIишатаздехун гьарулел тадбиразулъ», – ян лъазабуна районалъул бетIерав ветврачас.

Хадуб МОялъул бетIерас данделъиялъул хIасилалги гьарун киналго магIишатазул нухмалъулезе баркала загьир гьабуна хасел лъикIго нухда тIамиялъухъ ва кьегIер-тIинчI бахъиялъухъ.

«Нужеда цере чIун руго жеги кIвар цIикIкIарал хIалтIаби – гIи къунцIи ва риидалил мучIдузде гочинаби. Гьебги тIобитIизе ккела кьин тIамиго гIадин гIуцIараб къагIидаялда. РакIчIараб буго цадахъ лъугьун, жигар бахъун гьабураб хIалтIуца гьеб масъалаги тIубазабиялъе квербакъи гьабизе букIиналда. Жеги дие магIишатазул нухмалъулел ахIизе рокьун руго бажарараб кумек гьабизе мобилизоват гьарун Украиналда СВОялда ругел рагъухъабазе ва гьезул хъизаназе», – ян лъазабуна муниципалитеталъул бетIерас.

# Цадахъаб учение

№ 36 пожарнияб часталъул хIалтIухъабаз хвасар гьарулеб централъул гIолохъабазгун цадахъ ЦIуриб росулъ тIобитIана ругьун гьариялъулаб занятие. Гьелъул аслияб мурад букIана жидерго лъай ва махщел камил гьаби, авариялде ккарал хвасар гьаризе ругьун гьари.

Гьаб нухалда тIобитIулеб тадбиралда бихьизабулеб букIана авариялде ккараб машиналда жанир кьан хутIарал гIадамал хвасар гьари ва гьезие тIоцебесеб кумек гьаби.

ЦIа свинабулезул командаялъ хасаб гIуцIиялъул кумекалдалъун бихьизабуна авариялде ккарал лъукъа-къотIарал хвасар гьарулеб къагIида ва ДТПялде ккараб техника кин щущазабизе кколебали баян гьаби. Гьедин цадахъ тIоритIулел тадбираз кумек





гьабула цоцазул хIалбихьи лъазабиялъе. Гьелдаса хвасар гьарулеб централъул гIолохъабазе лъикIаб хIалбихьиги щвана. Гьез жидерго рахьалъ баркала загьир гьабуна хIалбихьи бугел пожарнияб часталъул гьалмагъзабазе ва мурад букIин бичIчIизабуна хадурккунги гьединал ругьунлъаби гIемер гьаризе ккей.

# Твой выбор

На территории обслуживания МО «Чародинский район» с 13 по 20 апреля 2023 года проводилась оперативно-профилактическое мероприятие «Твой выбор».

Целью данного мероприятия является нейтрализация попыток вовлечения несовершеннолетних в деструктивную в том числе в экстремистскую и террористическую деятельность, в незаконные массовые акции.

**Профилактика и противодействие экстремизму и терроризму**

На протяжении последних лет Россия находится в состоянии постоянного противодействия экстремистским и террористическим угрозам. Эффективная борьба с экстремистскими проявлениями и терроризмом невозможна без проведения целенаправленной работы по профилактике экстремизма и терроризма, искоренению причин, порождающих это «социальное зло». Целью профилактических мер является предупреждение экстремистской деятельности, то есть борьба с экстремизмом ещё до его проявления, ликвидация причин и условий возникновения экстремизма.

Следует обратить внимание пользователям социальных сетей, что экстремистскими материалами признаются предназначенные для обнародования документы либо информация на иных носителях, призывающие к осуществлению экстремистской деятельности либо обосновывающие или оправдывающие необходимость осуществления такой деятельности, публикации, обосновывающие или оправдывающие национальное и (или) расовое превосходство либо оправдывающие практику совершения военных или иных преступлений, направленных на полное или частичное уничтожение какой-либо этнической, социальной, расовой, национальной или религиозной группы. Размещение указанных публикаций в аккаунтах социальных сетей также является уголовно-наказуемым деянием.

Сотрудниками полиции совместно с образовательными организациями запланировано проведение комплекса мер направленных на формирование негативного отношения подростков к противоправному поведению, организация разъяснительной работы об ответственности за участие в незаконных публичных мероприятиях.

# *Авар кицаби ва абиял*

- «РегIуларо, щоларо» гIиллалъун рикIкIунаро.
- Рекьи басандичIони, хIалтIул хIур бахъунаро.
- Рекъав чиясул рагIад рекъаб букIуна.
- Рекъараб рехъалъ хъумур речIчIуларо.
- Релълъаралда рекъарабила рохьдолъ хIайван данделъулеб.
- РекъечIеб бицарасда бокьулареб рагIула.
- Рекъон хIалтIарабгIан колхоз бечедаб.
- Рекъон кванай, къец бан хIалтIе.
- Рекъон чIикIаре.
- РекIарасда лъелав велъуге.
- РекIарасухъ ралагьун рекIа, рештIарасухъ ралагьун рештIа.
- РекIее ихтияр къуни, ихтияр гьечIеб бакIалде ккола.

# Республикаялъулго субботник

29 апрелалда Дагъистаналда тIобитIизе буго тIолгореспубликаялъулго субботник.

Гьелде хIадурлъизе ккеялъул Сергей Меликовасе бицана регионалъул премьер-министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас. Гьениб гIахьаллъи гьабизе хIисабалде босун буго 100 азарго чияс – гьел киназего хIажалъулеб хIалтIул алат хIадурун букIине буго.

«Субботникалда гIахьаллъи гьабизе ккола киназго, гьездаго цадахъ депутатаз ва власталъул гIуцIабазда хIалтIулезги», – ян абуна Дагъистаналъул бетIерас.

«Субботник гIицIго захIматчагIазе гIуцIулеб жо гуро. Гьениб гIахьаллъи гьабизе ккола ва мисалги бихьизабизе ккола нилъеца. Гьеб цIакъ кIвар цIикIкIараб иш буго. Хасаб кIвар буссинабизе ккола памятникал, обелискал ва рагъул гIахьалчагIи рукъарал бакIазда рацIцIалъи букIинабиялде», – ян тIадеги жубана Сергей Меликовас.

## Аттестат билун буго

Гьилиб гьоркьохъеб школалъ 2010 соналда ГIалиев МухIамад АхIмадовичасул цIаралда къураб аттестат № 05 АБ 0003131 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:**
**«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:**
**Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*